ФІым щымыгъ щыІэкъым

2-нэ нап.

«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Лъы литр 25-рэ ятащ

4-нэ нап.

Ныбжьыщіэ жыджэрхэм къахохьуэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№154 (24.592) ● 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Гукъыдэж къозыт теплъэгъуэхэр

4-нэ нап.

ХъуэпсапІэр нахуапІэ мэхъу

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Приморье крайм щыпсэу Маргаритэ «Хъуэпсапіэхэм я псей» псапащІэ Іуэхум хэтхэм зэрызахуигъэза тхыгъэм къыщихьа и хъуэпсапІэр игъэзэщІащ. Пщащэ цІыкІур куэд щІауэ хуейт Владивосток къалэм дэт океанариумым хэс хыбжэхэм я гъусэу псым щесынуи, ар къехъулІащ.

ВДНХ-м къыщызэрагъэпэща «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэр щрагъэкІуэкІам, республикэм и Іэтащхьэм Псейм къыфІихауэ щытащ Маргаритэрэ Москва, Запорожье щІыналъэм щыщ сабиитІымрэ я тхыгъэхэр. «Абыхэм я хъуэпсапІэхэр нахуапІэ хъунымкІэ дэІэпыкъуэгъу сызэрыхъуфар си гуапэщ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ЩІыналъэм и Іэпэ Іэсэхэм я Іэрыкіхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Си хьэрычэт Іуэху» республикэ центрымрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ Мэзкуу къалэм иджыблагъэ щекІуэкІа «Ладья. ЩІымахуэ таурыхъ-2023» жарымкІэ-гъэлъэгъуэныгъэм ди щІыналъэм и Іэпэ Іэсэхэм Іэмал щагъуэтащ я Іэдакъэщ Іэкіхэр абы утыку къыщрахьэну.

ЗЭХУЭСЫР хуэунэтІауэ щытащ Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, абыхэм я щэнхабзэхэр нэхъ къулей щІыным, лъэпкъ гъуазджэр егъэфІэкІуэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу жармыкІэ-гъэлъэгъуэныгъэм цІыхуищ хэтащ икІи абыхэм зэгъусэу ягъэува стендым щызэхуэхьэсат пхъэмрэ фэмрэ къыхэщІыкІа Іэрыкіхэмрэ сабий хьэпшып цІыкІухэмрэ.

Зэхуэсым хэта Жулабовэ Мунирэ илъэс куэд хъууэ пхъэм йолэжь икІи абы хьэпшып хьэлэмэтхэр къыхещІыкІ, иужькІи, тхыпхъэ телъыджэхэмкІэ езым егъэдэхэж. Ар щылажьэр езым и цІэр зезыхьэ «Munira» мастерскойрщ.

Гаврилюк Наталье зэлэжьыр фэмрэ фэхэкІэмрэщ. ИкІи абы и Іэрыкіхэм я дахагъымрэ къулеягъымрэ ятхьэкъуащ гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлІахэр. «Мыщэ цыплъ» - аращ абы яфІищар и лэжьыгъэхэм.

«ФІыщІэшхуэ худощІ «Си хьэрычэт Іуэху» республикэ центрым ди хъуэпсапІэхэр зыхищІэу зэрызыкъыщІигъэкъуам, гъэлъэгъуэныгъэм дыхэтыну Іэмал къызэрыдитам папщІэ. Ди гугъэщ адэкІи дызэдэлэжьэну, лъэныкъуитІми фІы куэд абы къытхуихьыну», - жиІащ Гаврилюк Наталье.

Вэрокъуэ Рустамбэчи хузэфІэкІащ гъэлъэгъуэныгъэм къэкІуэхэр и Іэрыкіхэмкіэ къыдихьэхын. Абы иІэщ езым ейуэ фэм елэжь «BRO» Іуэхущ Іапіэр. Рустамбэч фэм къыхещІыкІ хьэпшып, Іэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр икІи и Іэдакъэщ Іэкіхэм щІэупщІэшхуэ яІэщ. Абыхэм я дизайныр зэхэзыгъэувэри езыращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм нэмыщІ, лъэпкъ гъуаздджэм хуэлажьэхэм я Іэрыкіхэр жармыкІэм щагъэлъэгъуащ къэралым и Гжель, Федоскинэ, Холуй, Мастера, Хохлома, Городец, Кизляр, Златоуст, Кубачи, Жостовэ, Торжок, Кадом, Вологдэ, Елец, Михайлов центрхэм, нэгъуэщІ куэдми я лІыкІуэхэм - лъэпкъ гъуаздджэм хуэлажьэ Іуэхущ Іапіэ 1500-м щІигъум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм жармыкІэ-гъэлъэгъуэныгъэм трагъэкІуэда мылъкур «Си хьэрычэт Іуэху» республикэ центрым къыбгъэдэкІащ, «Хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ» лъэпкъ проектым хухахам щыщу.

Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ щІыпІэ хьэрычэтыщІэхэм я дежкІэ. Абы и фІыгъэкІэ, абыхэм Іэмал ягъуэт я Іэрыкіхэр хэІущІыІу ящІыну, щэхуакІуэхэр къагъуэтыну, сату щащІэ щІыпІэхэм зрагъэубгъуну.

БАТОКЪУЭ Албэч.

«Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным и Іуэхукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 10-м къыдэкІа Федеральнэ закон №19-ФЗ-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм (адэкІэ - «КъБР-Медиа» ГКУ): 360017, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ проспект, 5, хъыбар фегъащІэ «КъБР-Медиа» ГКУ-м хыхьэ периодикэ печать къыдэзыгъэкІ къэрал редакцэхэм псоми зэхэту хэхыныгъэм ипэ къихуэ агитацэм папщІэ кв.см 10078-рэ зэрыщыхухахамкІэ. Абы щыщу:

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР 2024, ГЪАТХЭПЭМ И 15-17

ЦИК.РФ

№ п/п	Политикэ партхэм, зезыгъэтха кандидатхэм я агитацэ материалхэр традзэнымкІэ Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэр	Къыззэрапщыр	Куэдагъыр (тхьэмахуэм)
1.	**«Кабардино-Балкарская правда»**		
1.1.	Традзэнум и инагъыр	кв. см.	2326
2	**«Адыгэ псалъэ»**		
2.1.	Традзэнум и инагъыр	кв. см.	2326
3	**«Заман»**		
3.1.	Традзэнум и инагъыр	кв. см.	2326
4	**«Советская молодёжь»**		
4.1.	Традзэнум и инагъыр	кв. см.	1550
5	**«Горянка»**		
5.1.	Традзэнум и инагъыр	кв. см.	1550

ГуащІэдэкІым ехьэлІа дерсхэр

Урысейм и Правительствэм къыхилъхьа унафэм тету курыт еджапІэхэм зэрыщрагъаджэ программэхэм къыхохьэж лэжьыгъэм тегъэщІа дерсхэр.

ЗЭМАНЫМ къыдэкІуа технологие зыужьыныгъэм и фІыгъэкІэ цІыхухэм къарукІэ кърахьэлІэу щыта Іуэху куэд Іэщ Іыб хъуащ, ауэ сыт хуэдэу дунейм зиужьами, цІыхум и зэхэщІыкІым хэзыгъахъуэ лэжьыгъэр кІуэда хъунукъым, сыту жыпІэмэ, гуащІэдэкІыр гъащІэм хэтын хуейуэ цІыхум къыдигъэщІащ.

Губгъуэхэм иджыпсту итщ ипэкІэ щыІа мэкъумэш техникэхэр мазэ енкІэ зыпэрыту щыта лэжьыгъэхэр компьютер программэ пыухыкІам тету махуэ зыбжанэм зэфІэзыгъэкІ иджырей комбайнхэр, трактархэр, арщхьэкІэ, цІыхум Іэкіэ ищІэ Іуэху щхьэхуэхэр щылей къэхъуркъым.

Робот ехьэжьахэр иджыпсту гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым къыщагъэсэбэп хъуащ, ауэ фІэщщІыгъуейщ цІыхум и Іэмкіэ, гъущІынэ нэхъ мыхъуми, тэмэму хиукІэфын щхьэкІэ, абыхэм уахуеиныр - дэтхэнэми я къэгъэсэбэпыкІэ яІэжщ. Лэжьыгъэ дерсхэм увыпІэшхуэ щиубыду щыта лъэхъэнэр лъэлъэжа нэужь, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Іэщ Іагъэм ехьэлІа псори къызэранэкІат, пхъащІэ, гъукІэ, дэрбзэр, трактарист, слесарь, гъущІгъабэ хуэІухуэщІэхэм зыри хуэмеижыну къафІэщІу. Зэманым къигъэлъэгъуащ экономист, юрист фІэкІа здэщымыІэ гъащІэм зэрыщыпсэугъуейр. Курыт школхэм, пэщІэдзэ классхэм щыщІэдзауэ, я программэхэм увыпІэ щаубыду щытащ «труд», «домоводство», «трактор» дерсхэм. Ахэр зыкІи къыкІэрагъэхуртэкъым есэпым, бзэхэм, биологием, физикэм.

5-нэ классым щыщІэдзауэ цІыкІухэр зэрырагъаджэ программэм дэрбзэрынымрэ Іэпщ ІэлъэпщІэнымкІэ дерсхэр хэтт, а Іэщ Іагъэм сабий щІыкІэ хуегъэсэн зэрыхуейм тещІыхьауэ. Щ Іалэ цІыкІухэмрэ хъыджэбз цІыкІухэмрэ зэпэщхьэхуэу ирагъаджэрт. Апхуэдэ дерсхэм я къалэныр мастэнэ къихыным, пхъэмрэ гъущІымрэ елэжьыным и закъуэтэкъым - Іэщ Іагъэр и лъабжьэу, цІыкІухэм драгъэкІуэкІырт къабзагъэм, унагъуэ зехьэным хуэзыущий псалъэмакъ купщІафІэхэр. Иужькіэ, а псоми хуэмеижу, илъэс тІощІырыпщІкІэ щІалэгъуалэм я щхьэм ираІухьащ компьютер фІэкІа я нэм илъагъун хуэмейуэ.

Ноби къыдолъхьуэ КъуэкІыпІэ къэралхэм щащІа хьэпшыпыфІхэр, щыгъыныгъуэхэр. Ахэр къыщІэзыгъэкІыр Іэщ Іагъэм хуэІэижь лэжьакІуэхэрщ, ирехъу дакІуэ, лакІуэ, гъукІэ, н. къ.

«Труд» дерсхэр ди школхэм щиухырт е 8-нэ классым щынэсым. Абы ирихьэлІэу еджакІуэхэм къахэбгъуэтэнутэкъым бостей, кІэ къызэрыгуэкІ цІыкІухэр зи щхьэм хуэзымыдыжыфын хъыджэбз цІыкІыгъэ шэнт щхьэгуэ, стІол цІыкІу нэхъ мыхъуми зи Іэм имыщІ щІалэ цІыкІурэ. Абыхэм къадэкІуэу щІалэ цІыкІухэр щагъэгъуазэрт электрокъарур зищІысым, абы пыщІа шынагъуэхэм зэрызыщыпхъумэнум... Ахэр псори гъащІэмрэ псэуныгъэмрэ я дерст.

Псалъэм папщІэ, лэжьыгъэ дерсхэр Германием зэрыщрагъэкІуэкІыу щытар къэтщтэнщи, курыт еджапІэхэм илъэс 12-кІэ щеджэрт. Иужьрей илъэситІым еджакІуэ къэс езым фІэфІ Іэщ Іагъэ гуэр къыхихыу абы хуеджэн хуейт. А пІалъэр зэфІэкІа нэужь, курыт еджапІэр къызэриухамкІэ аттестатым щІыгъуу абыхэм къратыжырт Іэщ Іагъэ щхьэхуэ зэрызрагъэгъуэтамкІэ дэфтэрхэри. А тІури зэгъусэу курыт школым щызэфІэкІырт, адэкІэ, щхьэж зэрыхуейуэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм еджэныгъэр щыпащэнуми хуиту. Илъэси 10-кІэ щеджэ ди курыт еджапІэхэм, фызэрыщыгъуазэщи, ардыдэр къыщрахьэлІэрт, ауэ нэгъуэщІ щапхъэм тету. ТІум щыгъуэми, Іэщ Іагъэм пщІэ иІащ икІи дызыщыгуфІыкІыпхъэщ а Іуэхур къызэрагъэщІэрэщІэжыр. Лэжьыгъэ дерсхэр егъэкІуэкІынымрэ Іэщ Іагъэ зэгъэгъуэтынымрэ ехьэлІа Іуэхухэр иджыпсту ефІэкІуащ хуэдэ щымыІэу, ауэ абыи емылъытауэ, цІыху къэс зыгуэрым хуэфІыныр псом ящхьэщ. Лэжьыгъэ дерсхэм я фІыгъэкІэ сабийхэр зыщагъэгъуазэ дэтхэнэ зы лэжьыгъэри Іэужьыншэ хъунукъым икІи къахуэщхьэпэжынущ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэми цІыкІухэр зрешалІэ, ахэр зэрылъытэнымкІэ, зэрылъагъунымкІэ мыхьэнэ ини иІэщ.

Иджырей «труд» дерсхэр нобэ къэунэхуа Іэбэкіэ мардэхэм техуэу зэрыщытынуми шэч хэлъкъым, дауэ мыхъуми, дунейр йофІакІуэ, щымыІа куэд къоунэху.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 ирокъу

Гулъытэ хэха хуэныкъуэ сабийхэм ядоІэпыкъу

Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым дыгъэгъазэм и 24-м гуфІэгъуэ зэхыхьэрэ спорт зэхьэзэхуэрэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъумрэ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм я республикэ спорт еджапІэр къызэрызэІуахрэ илъэсипщІ мы гъэм зэрыхъуамрэ.

«ГУГЪЭХЭМ я щІэдзапІэ» зыфІаща гуфІэгъуэ зэІущІэм кърихьэлІащ КъБР-м и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Мечукаев Алихъан**, Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я творчествэмкІэ унэм и унафэщІ **КІэрашэ Аксанэ**, КъБР-м и «Олимп совет» Жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Заруцкий Александр**, зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм я спорт еджапІэм и унафэщІ **Кулюшин Александр** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм щІидзэн ипэ къихуэу Бэрэгъун Арсен зыхуэдгъазэри, тедгъэпсэлъыхьащ нобэ къарахьэжьа Іуэхухэм къежьапІэ яхуэхъуам, абы ехьэлІауэ яІэ мурадхэм.

Бэрэгъуным къызэрыхигъэщамкІэ, зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм я спорт еджапІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщылажьэрэ илъэсипщІ ирикъуащ икІи абы щыщу илъэсих хъууэ КъБР-м и Парламентым и нэІэ щІэт зэпытщ ар. Депутатхэр якІэлъоплъ сабийхэм ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм, ахэр зыхэт зэхьэзэхуэхэм, дауи, щогуфІыкІ я ехъулІэныгъэхэм.

Мы еджапІэм къокІуалІэ спорт зэмылІэужьыгъуэу 8-м зыхуэзыгъасэ сабийхэр. Абыхэм яхэтщ ди къэралми, хамэ щІыпІэхэми щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм я чемпион хъуахэр, къыхэжаныкІахэр. Депутатхэр абы ирогушхуэ икІи зэрахузэфІэкІкІэ Іуэхугъуэ щхьэпэхэмкІэ ядоІэпыкъу, мылъкукІэ зыщІагъакъуэ.

Нобэрей зэІущІэ-зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ спорт-еджапІэм и гъэсэн цІыкІухэм я жэрдэмкІэ - ахэр хуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъур депутатхэм дагъэлъэпІэну.

«Дэри ди гуапэу дыкъэблэгъащ, абыхэм я гуфІэгъуэ махуэри дыдейри зы тщІыуэ, дызэгъусэу дгъэлъэпІэн мурадкІэ. Абы нэмыщІ, саугъэтхэр, илъэсыщІэ тыгъэхэр сабийхэм къахуэтшащ. Дызэрыт илъэсым ехъулІэныгъэфІхэр къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщІэхэр ахъшэ саугъэтхэмкІэ КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкІыу щхьэхуэу дгъэпэжэнущ, - къыхигъэщащ Бэрэгъун Арсен. - Мы спорт еджапІэр ди нэІэ щІэдгъэувэну мурад щытщІам ди комитетым хэт депутатхэр дызэхуэсри, зэІущІэ едгъэкІуэкІауэ щытащ. Абы унафэ къыщытщтат зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм щхьэкІэ спорт еджапІэхэр республикэм и щІыналъэ къэс къыщызэІухын зэрыхуейм теухуауэ, ахэр я зыужьыныгъэкІэ езыхэм я ныбжьхэм къакІэрымыхун папщІэ, унэм щІэубыдауэ щІэмысу я узыншагъэри ирагъэфІэкІуэн хуэдэу. Иджыпсту мы еджапІэм сабиищэм щІигъу къокІуалІэ, ауэ республикэм и щІыналъэхэм щыпсэу цІыкІухэр Налшык къэпшэным гугъуехь куэд пыщІащ».

Депутатхэм я жэрдэмыр ядиІыгъыу, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэр еджапІэм дэІэпыкъуат спорт Іэмэпсымэхэмкіэ, нэгъуэщІ зыхуеинухэмкІэ, ауэ Іуэхур абыкІэ зэфІэкІакъым. Гугъуу къыщІэкІащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм ядэлэжьэн тренерхэр, абы хуеджауэ, къэбгъуэтыну. Мыбдежми сэбэп къахуэхъуащ спортымкІэ щІыпІэ министерствэр. Республикэм и щІыналъэ къэс тренер зырыз къыхашри, ахэр ягъэхьэзыращ, апхуэдэ цІыкІухэм ядэлэжьэну хуит зыщІ сертификатхэри иратащ.

АтІэми, депутатхэр зэрыхуейм хуэдэу Іуэхур занщІэу ежьакъым. Зыщымыгугъа, зыпэмыплъа лъэпощхьэпохэр къыкъуэкІ зэпытт. Іуэхум зыщихъуэжар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зыхуагъэза иужькІэщ. Хабзэ зэрыхъуауэ, республикэм и унафэщІыр илъэс къэс яІуощІэ ди спортсменхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ икІи зыщегъэгъуазэ я Іуэху зыІутымрэ зыхуэныкъуэхэмрэ.

Мис абы щыгъуэ, щІыпІэ Парламентым къыбгъэдэкІыу, Бэрэгъун Арсен КІуэкІуэ Казбек щигъэгъуэзащ я Іуэху зыІутым, зыгъэпІейтейхэм. Республикэм и Іэтащхьэр абыхэм къадэІэпыкъуащ икІи щІыналъэхэм зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм папщІэ спорт еджапІэхэр къыщызэІуахын щІадзащ. Иджы гугъэ щыІэщ республикэм и щІыналъэ псоми еджапІэм и куэдамэхэр къыщызэІуахыну.

Псалъэм къыдэкІуэу, Бэрэгъун Арсен республикэм щыпсэу сабийхэмрэ щІалэгъуэлэмрэ къыхуриджащ зи узыншагъэм дагъуэ иІэ сабийхэм ядэпІъеину, абыхэм лІыгъэрэ ерыщагъыу къагъэлъагъуэм щапхъэ трахыну, спортым хыхьэну, я узыншагъэм кІэлъыплъну.

Депутатыр илъэсыщІэ дызытехьэмкІэ гуапэу ехъуэхъуащ республикэм щыпсэухэм - узыншагъэ щымыщІэу, фІырэ берычэтрэ я куэду, мамыру псэуну, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм узыншэу къагъэзэжыну, щІыналъэм зиужьыну.

«Гугъэхэм я кІэжьапІэхэр» зэхьэзэхуэр ирагъэжьэн ипэкІэ Урысей Федерацэм и Гимным щІэту къэрал ныпыр яІэтащ. Абы иужькІэ цІыкІухэр зэпеуащ бочче спорт лІэужьыгъуэмкІэ, тхэквондомкІэ, шабзэкІэ нэщэнэ еуэнымкІэ, флорболымкІэ, атлетикэ псынщІэмкІэ, пауэрлифтингымкІэ, параэстафетэмкІэ. Зэпеуэм хэта цІыкІухэм гуфІэгъуэу яІэр пхужыІэнтэкъым, апхудизкІэ гухэхъуэ икІи удихьэхыу ирагъэкІуэкІат абыхэм зэІущІэхэри. ИкІи зыри Іыхьэншэ хъуакъым - псоми тыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

А махуэ дыдэм, дыгъэгъазэм и 24-м, Налшык къалэм и «Налшык» спорт комплексым къыщызэІуахащ щІыналъэхэм грэпплингымкІэ я зэхьэзэхуэ. Ари хуэунэтІауэ щытащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъур гъэлъэпІэным.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлІахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ ІымкІэ и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион **Къардэн Мурат** икІи зэпеуэм хэтхэм ехъуэхъуащ я зэфІэкІыр къагъэлъэгъуну, текІуэныгъэм щІэбэныну, спорт лъагапІэ щІэхэм нэсыну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«2023 гъэмрэ 2024, 2025 гъэхэм планкIэ ятещIыхьа лъэхъэнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2023 гъэмрэ 2024, 2025 гъэхэм планкIэ ятещIыхьа лъэхъэнэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м
№776-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м
№790-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м

1-нэ статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-уэ 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м къыдэкIам (Правовой информацэм и официальнэ портал (www./pravo.gov.ru) зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, 20-2-нэ статьям мы къэкIуэнухэр щIыгъуауэ:

«20-2-нэ статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэща жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным щIэгъэкъуэн хуэхъуныр.

1. Жылагъуэ палатэм етыж «Залымыгъэкlэ щаIыгъ щIыпIэхэм цIыхум и хуитыныгъэхэр зэрыщыпхагъэкIыр жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щIагъэтыным икIи залымыгъэкIэ щаIыгъ щIыпIэхэм щыIэ цIыхухэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуным я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 10-нэ статьям игъэува хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэща жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм (адэкIэ къызэрыкIуэнур жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэуц) хэтхэм я полномочиехэр пхыгъэкIыным текIуадэхэр икIи ар щIэгъэкъуэн хуохъу жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и лэжьыгъэр материально-техникэ информацэ я лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщыным.

2. Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэтхэм я полномочиехэр зэрыпхагъэкIым текIуадэхэр зэратыж хабзэмрэ ахэр зыхуэдизымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм егъэув.».

2-нэ статья

Мы Законым къару егъуэт ар официальнэ къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2023 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м
№52-РЗ

Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр и кIэм нэблэгъащ, мы лъэхъэнэм IэнатIэм зыхунэмысахэр къыщапщытэж, яхузэфIэкIахэм щроплъэж, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр къыщызэщIакъуэж. УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, егъэджакIуэхэм, унэтIакIуэхэм, гъэсакIуэхэм я пщIэр къэIэтыным, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм гулъытэ егъэгъуэтыным хуэунэтIауэ къэралым лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМРЭ щIэныгъэмрэ епха IэнатIэр щIэрыщIэу къызэIуахыжащ, Iуэхугъуэщlэхэр къыщыхалъхьащ, IэщIагъэрылажьэм и зэфIэкIхэм я гъунапкъэхэр зэлъыIуагъэкIуэтащ, жыпIэмэ щыуагъэ хъуну къыщIэкIынукъым. Щlэблэр гъэсэным зи гъащIэр езыта цIыхум хуэдэу псэемыблэж щыIэу къыщIэкIынкъым. Абы и къарур зрихьэлIэр ныбжьыщIэхэм дунейм къащыхуэщхьэпэжын есэныгъэхэр ятыным и закъуэкъым, атIэ ар толажьэ абыхэм цIыху нэс къахэщIыкIыным, езым хуэдэхэм яфI зыхэлъ гукъэкIхэр гъащIэм хапщэфу гъэсэным. Арауэ къыщIэкIынущ зы къэрал жэрдэмкIэ илъэсыр купщIафIэу икIи гуащIафIэу щIекIуэкIар. Дэнэкlи къыщыхагъэщ Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр хъарзынэу къазэрехъулIар, зэрыгушхэн икIи зэрыпэгэн фIыгъуэ куэд къазэрыIэрыхьар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэщlагъэрылажьэхэм я илъэсыр иджыблагъэ щызэхуащIыжащ. ГуфIэгъуэ зэIущIэшхуэр щекIуэкIащ Налшык къалэм дэт 33-нэ курыт еджапIэм. Илъэсым кърикIуахэм щриплъэж зэхуэсыр а еджапIэм зэрыщекIуэкIар ауэ сытми къэхъуа Iуэхукъым. Мы Iуэхущlапlэм зыбжанэ щIауэ егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, адэ-анэхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри щызэхэт икIи щызэдэлажьэ пэхуэщIэ куэд щагъэзащIэ. А лэжьыгъэхэр теухуащ иджырей дунейр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ Iэщlагъэхэм хуэунэтIыным, егъэджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм хэгъэхъуэным, адэ-анэм я зэхэщIыкIыр кIэIэтыным, а псом жылагъуэм деж щаIэ мыхьэнэр убзыхуным, егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэмрэ яIэпхъэ есэныгъэхэм зегъэужьыным. ЕджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм хэгъэгупсо мыхьэнэ иIэщ, хъарзынэуи зэтеубла хуащ.

Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Андзор**, егъэджэныгъэ IэнатIэм гуащIафIэу щылажьэ егъэджакIуэхэр, щэнхабзэмрэ спортымкIэ гъэсакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ, егъэджэныгъэм пыщIа къулыкъущIэхэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэр, абыхэм я къуэдзэхэр.

Зэlущlэр къыщызэIуихым, Егоровэ Татьянэ и фIэхъус псалъэм къыщыхигъэщащ Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсыр Iэщlагъэм ирилажьэхэм къэралым пщIэ зэрахуищIыр къэзыгъэлъагъуэ жэрдэм щIагъуэу зэрыщытыр.

- Егъэджакlуэр гушхуэ зыкIуэцIылъ, зэхэщIыкIышхуэ зиIэ цIыху псэемыблэжщ. Абы и гъэсэнхэм ябгъэдилъхьэр зытет дунейм ехьэлIа пэублэ щIэныгъэм къыщынэркъым. Егъэджакlуэм зы махуэ дэмыкIыу гъэсэныгъэ лэжьыгъэ иregъэкIуэкI, адэ-анэм дзыхь къыхуащIа сабийхэр фIым хуиущиин, дахагъэм хуигъэсэн, гузэхэщIэ ин яритын щхьэкIэ. ЕгъэджакIуэращ цIыхур зыхэпсэукI дунейм и щэхур щIэблэм нахуэ ящызыщIыр, щIыуэпсым и телъыджэхэр къахузэIузыхыр, - жиIащ Егоровэм. - Егъэджакlуэращ сабийм и хъуэпсапIэхэр къызэщызыгъэур, и гуращэхэм зэрахуэлэжьэн гуащIэкIэ зыуздэкIыр, щыIэныгъэм зэрыхэтын есэныгъэхэм щIэзыпIыкIыр. Адэ-анэм быныр зыщимыгъэгъуэзэфын куэдым я дунейм сабийр хэзышэфыр егъэджакIуэращ, аращи, абы нэхърэ нэхъ пэгъунэгъу цIыху ныбжьыщIэм дежкIэ щыщымыIэ куэдрэ къохъу. Гуапэщ къэралым и гупэр егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я лэжьыгъэм къызэрыхуигъазэр, ахэр хэмыту хэгъэгум къэкIуэн зэримыIэнур къызэрыгурыIуэр. ЕджапIэхэр къагъэщIэрэщIэж, щIэуэяхуэхэр мащIэкъым, ахэр унэлъащIэрэ техникэщIэхэмкIэ къызэрагъэпэщ. Ауэ псалъэ зэхозыгъэх, абы и Iэфlыр зыхозыгъащIэ егъэджакIуэм хуэдэ щыIэкъым, абы и псэукIэр зэIузэпэщ ищIыну, хуищI гулъытэм къыхигъэхъуэну зэрыхэтыр уасэншэщ. Фэрэ дэрэ Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсым дыпежьат, дыгуфIэу, дыгушхуэу. Зи пщэ дэлъхэм тлъэкI къэдгъэнакъым дэтхэнэ егъэджэныгъэ жэрдэмри гъащIэм хэпщэным дыхэлыфIыхьын папщIэ. ТIуащIэу си гуапэщ къызэдэкIа илъэсыр Iуэхугъуэфlхэмкlэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIар къыхэзгъэщыну. Сыт хуэдиз гукъэкI IэнатIэм къыщыхамылъхьами, ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ, егъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ лэжьыгъэфIхэр кърахьэлIащ. Абы ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, ар узыгъэгъэ, дяпэкIи нэхъыфIыжхэр къызэрытпэплъэр къэзыгъэлъагъуэ щытыкIэ дахэщ. Гурэ псэкIэ IэнатIэм пэрытхэм сыныводхъуэхъу, гукъыдэж къывэзыт еджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ фи куэдыкIэ, лэжьыгъэ IэфI къыфщызыщI узыншагъэ фиIэну си гуапэщ.

Адэкlэ зэхуэсым кърихьэлIахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Хъубий Марат. Абы КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкI хъуэхъу псалъэхэр Iэщlагъэрылажьэхэм я деж нигъэсащ, къэрал жэрдэмыр еклуу и кIэм нызэрахьэсам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

- Ди яужь къиувэну щIэблэр дгъэгъуэзэну, щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ еттыну, гъащIэм цIыху нэсу зэрыхэтын есэныгъэхэр яхэтпщэну дэтхэнэ зыми ди пщэ хьэкъ дэлъщ. Ауэ а къалэныр егъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ хуэдэу зэгъэпэщауэ зыгъэзащIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сабийм нобэ зэхебгъэхымрэ ебгъэлъагъэмрэщ пщэдей гъащIэм къыщигъэщхьэпэнур. Аращ Iэнатlэм жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъхэр дэтхэнэми щыIэзэхэтщIэр, а хьэлъэр егъэджакIуэхэм зэрекIуэкIар, абы щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ урысейпсо утыкухэм ауэ сытми зыщагъэлъагъуэ мыхъуу, текIуэныгъэхэр къыщахьу зэрыхэтар.

- Дрогушхуэ икIи дропагэ ди егъэджакIуэхэм. Апхуэмыдэ яхэткъым. Нэхъыжьым и щапхъэр нэхъыщIэм и гъуазэу мэлажьэ ди Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэри. Сабийм цIыкIу щIыкIэ хэплъхьэращ бгъуэтыжынури, абыхэм дунейм и дахагъэри, и Iэфlагъри, къекIуэкI щIэныгъэри ябгъэдэзылъхьэхэм яхуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъым. Зи унафэ сщIы къулыкъущIапIэм дяпэкIи гуращэ Iэджи иIэщ, егъэджакIуэхэм я гъащIэр нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ икIи купщIафIэ щIыным хуэунэтIауи, ди гугъэщ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэм дыкъыщымыувыIэну, нэхъыбэжи тлъэкIыну. Фlым щымыгугъ къытхэткъым, аращ дызытелажьэр махуэ къэскIэ. ЕджапIэщIэхэр доухуэ, сабийм и зэчийм зыщрагъэужь Iуэхущlапlэхэр идогъэфIакIуэ, методикэ лэжьыгъэр щIыдогъэхуабжьэ - министерствэр зытелажьэ унэтIыныгъэхэм ящыщу къыубжэкI хъуну мащIэраш мыхэр. Ущыгъэкъуэтым деж улъэщщ. Дэ ди лъэщагъыр къызэдэкI илъэсым къигъэлъэгъуащи, нэхъри гуащIафIэ фыхъуну, гури псэри етауэ фызытелажьэ Iуэхум фызыщыгуфIыкIын куэд къыхэкIыну сынывохъуэхъу, - жиIащ Езауэм.

Зи зэфIэкIхэмкIэ къыхэща, хэгъэгупсо икIи урысейпсо зэпеуэхэм щытекIуа егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ, Iэнатlэм илъэс куэд лъандэрэ гуащIафIэу щылажьэ ветеранхэм я цIэр къраIуащ, егъэджэныгъэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ иратащ.

Зэlущlэр щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ ягъэдэхащ: утыку кIихьащ ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупхэр, уэрэдхэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи щыIащ.

ШУРДЫМ Динэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

ФIым щымыгугъ щыIэкъым

Джэдыкlэу къэтщэхум хохъуэ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къищэхуащ джэдыкIэу мин 745,4-рэ. Абы и нэхъыбэр къуздрашар Белоруссиерщ. Апхуэдэ хъыбар къитащ «Россельхознадзор»-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэм.

2022 гъэм а къэралым ди республикэм къыщищэхуащ джэдыкIэ мин 337,2-рэ. Зэрытлъагъущи, мы гъэм а хэкум кърашар хуэди 2,2-кIэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу щыхъукIи, дызэрыт илъэсым къриубыдэу ди республикэм Дагъыстэным хуригъэщащ джэдыкIэ мин 52,2-рэ.

КИФЩII-м хыхьэ щыналъэхэм абы и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутри къагъэнэIуащ. Къэрэшей-Шэрджэсым мы гъэм Белоруссием къыщищэхуащ джэдыкIэу мин 16,2-рэ. 2022 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ари хуэди 3-кIэ нэхъыбэщ. Нэгъабэ абыхэм къащэхуауэ щытар мини 5,4-рэт.

Ставрополь краймрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ мы гъэм Белоруссием джэдыкIэ къыщащэхуакъым. Уеблэмэ 2023 гъэм Ставрополь крайм къэралым и адрей щIыналъэхэм джэдыкIэу яхуригъэшащ мелуан 507,5-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ Адыгейр, Краснодар крайр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер, Ингушыр, Кърымыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Шэшэныр, Дагъыстэныр, Мэзкуу, Ростов, Волгоград областхэр.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием джэдыкIэхэр яхуригъэшащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Ставрополь крайм, Санкт-Петербург къалэм, Ростов областым. Псори зэхэту абыхэм ящэхуащ джэдыкIэу мелуани 2,5-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жыджэрт и зэфIэкIри лъагэм

Дунейм къытехъуэ дэтхэнэ зыми, ар цIыхуу, нэгъуэщI псэущхьэу е къэкIыгъэу щрырет, къыхуеух гъащIэр зэрырихьэкIыну зэманымрэ ар гъэнщIауэ зэрыщытыну мардэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ. Апхуэдэу щытми, цIыхур абыкIэ къащхьэщокI псэ зыIут адрейхэм: Тхылъ лъапIэм зэритымкIэ, Къытщхьэщытым абы къыхуегъэлъагъуэ и къалэнхэр зэрызэфIихыфыну хэкIыпIэхэмрэ еплъыкIэхэмрэ. Цlыхуми хуитыныгъэ кърет и гумрэ и псэмрэ яфIэкъабыл мардэхэм гъащIэр трищIыхьыну, а хэхыныгъэхэм япкъ иткIи дуней гъащIэр иуха нэужь, жэуап ехьыж.



ЗИ гъащIэр щызу, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ езыхьэкIынухэм ящыщу Тхьэшхуэм къызыхуихахэм ящыщауэ къыщIэкIынщ ди тхыгъэр зытеухуар. Ар «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъагэр зыхуагъэфэща, «Лэжьыгъэ хьэлэлым папщIэ» къэрал дамыгъэ лъапIэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ бжыгъэншэхэр зрата Гъуаплъащlэ Заудин Хьид и къуэращ (1944 - 2020).

Аруан щIыналъэм хиубыдэ Шэрдэж Ищхъэрэ къуажэм пщIэ зиIэу дэса Гъуаплъащlэ Хьид и унагъуэшхуэм къыщалъхуащ Заудин. Ди нэхъыжьыфIхэм зэрахабзэрати, адэ-анэм бынхэр ягъэсащ лъэпкъ хабзэм тклийуэ тету, нэмысрэ пщIэрэ яхэлъу. Заудин къэхъуащ апхуэдэ лъапIэныгъэхэр и гъуазэрэ гъуэгугъэлъагъуэу, дунейм и зэхэлъыкIэмрэ абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ фIэхьэлэмэту.

Къуажэм дэт курыт школым щыщIэса илъэсхэм Заудин ящыщащ нэхъыфI дыдэу еджэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ ныбжьыщIэхэм. Щlэныгъэ зэгъэгъуэтыным щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэфIхэм къадэкIуэу, щIалэщIэр хуэжьджэрт жылагъуэ Iуэхухэми. Зыщlэс классым щыпэрыт, щыпашэ Гъуаплъащlэр и ныбжьэгъухэм я гъусэу жыджэру хэтт къэралым и щIыпIэ куэдым а лъэхъэнэм щекIуэкIыу щыта ухуэныгъэхэм, щэбэт щIыхьэхухэм. 1962 гъэм Заудин курыт школыр ехъулIэныгъэфIхэр иIэу къиухащ. Абы къыхуагъэфэща дыжьын медалыр а еджапIэм и тхыдэм щыяпэт. Апхуэдэ щIалэ акъылыфIэм, дауи, Тхьэшхуэм къыхуизэIуихат еджапIэ нэхъыщхьэм и бжэ хуитхэр. АтIэми Гъуаплъащlэм нэгъуэщIым триухуат. И классым къыщыдеджахэр къызэщIигъэуIури, абыхэм езыр я пашэу Заудин кIуащ жылэм щызэхэт хозяйствэм щылэжьэну.

Гъуаплъащlэр зи унафэщI гупым хэтхэр хэти «гъущIышым» шэсри губгъуэм ихьащ, адрейхэри жэмышу фермэм кIуащ. Комсомолец пашэ Заудин и гупыр лажьэрт жыджэрагъашхуэ яхэлъу, зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэмкIэ колхозым куэд лъандэрэ хэтхэм зыкIи къапимыкIуэту.

Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэу зэрыщытыр, ешрэ щхьэхрэ имыщIэу и пщэрылъ къалэнхэр зэригъэзащIэр къалъытэри, Гъуаплъащlэм куэд дэмыкIыу къыхуагъэлъэгъуауэ щытащ ВЛКСМ-м и Аруан райкомым и япэ секретару. А къулыкъур щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу ирихьэкIащ илъэси 10-м нэскIэ. Я пашэр щапхъэфI зыхуэхъу щIыналъэ щIалэгъуалэр, дапщэщи хуэмыдэу, а лъэхъэнэм жыджэру хэтащ социалист зэхьэзэхуэхэм, щылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ ухуэныгъэ инхэм.

А Iэнатlэм пэрыту Гъуаплъащlэр пщIэ хуащIу хагъэхьауэ щытащ КПСС-м. Абы иужькIэ Заудин партым и Аруан щIыналъэм Къэхъун жылэм щызэхэт совхозым щиIэ парт комитетым и секретару ягъэкIуащ. Совет лъэхъэнэм щыIа Iуэху зехьэкIэм тету, коммунист пашэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ Iэщыхуэ щагъашхэ а хозяйствэ цIэрыIуэм и лэжьакIуэхэр къэралым къахуигъэува планым ехъулIэныгъэкIэ пэлъэщыным. Коммунист пашэм партым пщэрылъ къыщищIа дэтхэнэ къалэнри гъэзэщIэныр къилъытэрт и гъащIэм и мардэ нэхъыщхьэу, псэуныгъэм и купщIэу. АтIэми цIыхугъэ лъагэрэ гуапагъэ гъунапкъэнщэрэ зыхэлъти, жылагъуэми пщIэшхуэ щиIэт. Жылэм дэс нэхъыжьхэм жаIэжу щытащ парткомым и секретару къыхуагъэкIуа щIалэщIэм фIэлIыкIышхуэрэ пщIэ лъагэрэ къуажэм зэрыщIар. ПщIэрэ нэмысрэ зыхэлъу къэтэджа, адыгэ хабзэ дахэр зи лъым хэпща Гъуаплъащlэм жиIар тIу ямыщIу зэрагъэзэщIэным хущIэкъурт совхозым и лэжьакIуэхэр. Абы сыткIи къечэнджэщырт хозяйствэм и унафэщIхэри. Илъэжыпlэкlэ, апхуэдэ цIыхухэращ унафэщI къалэнхэр зыхуэфащэу жыпIэ хъунур, сыту жыпIэмэ ахэращ жылагъуэм зэпэщыныгъэ, гукъыдэж, фIэщхъуныгъэ яхэзылъхьэри.

Партым и унафэкIэ зэрекIуэкIар, абы щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ урысейпсо утыкухэм ауэ сытми зыщагъэлъагъуэ мыхъуу, текIуэныгъэхэр къыщахьу зэрыхэтар.

- Дрогушхуэ икIи дропагэ ди егъэджакIуэхэм. Апхуэмыдэ яхэткъым. Нэхъыжьым и щапхъэр нэхъыщIэм и гъуазэу мэлажьэ ди Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэри. Сабийм цIыкIу щIыкIэ хэплъхьэращ бгъуэтыжынури, абыхэм дунейм и дахагъэри, и Iэфlагъри, къекIуэкI щIэныгъэри ябгъэдэзылъхьэхэм яхуэмыфащэ фIыгъуэ щыIэкъым. Зи унафэ сщIы къулыкъущIапIэм дяпэкIи гуращэ Iэджи иIэщ, егъэджакIуэхэм я гъащIэр нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ икIи купщIафIэ щIыным хуэунэтIауи, ди гугъэщ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэм дыкъыщымыувыIэну, нэхъыбэжи тлъэкIыну. ФIым щымыгугъ къытхэткъым, аращ дызытелажьэр махуэ къэскIэ. ЕджапIэщIэхэр доухуэ, сабийм и зэчийм зыщрагъэужь Iуэхущlапlэхэр идогъэфIакIуэ, методикэ лэжьыгъэр щIыдогъэхуабжьэ - министерствэр зытелажьэ унэтIыныгъэхэм ящыщу къыубжэкI хъуну мащIэраш мыхэр. Ущыгъэкъуэтым деж улъэщщ. Дэ ди лъэщагъыр къызэдэкI илъэсым къигъэлъэгъуащи, нэхъри гуащIафIэ фыхъуну, гури псэри етауэ фызытелажьэ Iуэхум фызыщыгуфIыкIын куэд къыхэкIыну сынывохъуэхъу, - жиIащ Езауэм.

Зи зэфIэкIхэмкIэ къыхэща, хэгъэгупсо икIи урысейпсо зэпеуэхэм щытекIуа егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ, Iэнатlэм илъэс куэд лъандэрэ гуащIафIэу щылажьэ ветеранхэм я цIэр къраIуащ, егъэджэныгъэ къулыкъущIапIэхэм я унафэщIхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ иратащ.

Зэlущlэр щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ ягъэдэхащ: утыку кIихьащ ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупхэр, уэрэдхэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи щыIащ.

ШУРДЫМ Динэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

Дунейм щыхъыбархэр

И лъэщагъыр къалъытэ

Евросоюзым и дипломатием и унафэщI Боррель Жозеп жиIащ Урысей Федерацэр европэ демократиер зыгъэшынэ къэрал лъэщу зэрыщытыр.

«ЕС-м и къару, и Iэмал псори зэщIимыгъэуIуэмэ, Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъум Урысейм текIуэныгъэр къыщихьынущ. Адэкlэ абы и унафэр Европэм къыхилъхьэнкIи шынагъуэ щыIэщ. Къэралитым яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум Урысейм бжьыпэр щимыубыдынкIэ дэ тхузэфIэкIынум мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сыт атIэ дэ тхузэфIэкIынур? Ди къару псори а Iуэхум хуэдгъэпсыну дыхуэхьэзыр? Мис а упщIэхэр псом япэу зыхуэдгъэувыжын хуейщ. Абыхэм я жэуапырщ Iуэхур зэрызэхэкIынур зэлъытар», - апхуэдэ и Iуэху еплъыкIэр Боррель Жозеп къыщиIуэтащ «The Guardian» инджылыз газетым и журналистым ирита интервьюм.

Къэралым къыхуиIэ гужьгъэжьыр къыхигъэщу, абы жиIащ Урысейм иубыда щIыналъэхэмкIэ игу загъэу зэрымытIысыжынур икIи абы ипкъ иткIи, Европэ зэгухьэныгъэм зэман кIыхькIэ екIуэкIыну зэныкъуэкъум зыхуагъэхьэзырын зэрыхуейр.

Нэхъыбэ ящIынущ

«Рособрнадзор»-м унафэщI Музаев Анзор ТАСС-м и журналистым жриIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм дзэ Iуэху хэхам теухуауэ хэт упщIэхэм адэкIи къызэрыхагъэхьэжам, лIыгъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къэзыгъэлъэгъуа дзэ унафэщIхэм ятеухуа упщIэхэр.

Дыгъэгъазэм и 26, *гъубж*

✦Урысейм и ПВО-м хыхьэ Лъэсыдзэхэм я махуэщ
✦1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ декларацэр къащтащ.
✦1937 гъэм къалъхуащ дирижёр, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыз Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 27, *бэрэжьей*

✦УФ-м щагъэлъапIэ Къегъэлакlуэм и махуэр
✦1932 гъэм СССР-м и Цlыхубэ комиссархэм я советым и Гъэзэщlакlуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ къищтащ къэралым и гъэрэ къэзыгъэлъэгъуа дзэ унафэщIхэм ятеухуа упщIэхэр.

Дыгъэгъазэм и 26, *гъубж*

✦Урысейм и ПВО-м хыхьэ Лъэсыдзэхэм я махуэщ
✦1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ декларацэр къащтащ.
✦1937 гъэм къалъхуащ дирижёр, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыз Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 27, *бэрэжьей*

✦УФ-м щагъэлъапIэ Къегъэлакlуэм и махуэр
✦1932 гъэм СССР-м и Цlыхубэ комиссархэм я советым и Гъэзэщlакlуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ къищтащ къэралым и цIыху балигъ псоми паспорт яIэн икIи дэтхэнэри щыпсэу щIыпIэм щатхауэ щытын зэрыхуейм теухуа унафэр.
✦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь» цIэр гъэувыным теухуа Унафэ къищтащ.
✦1929 гъэм къалъхуащ литературэдж, критик, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору, ЩIДАА-м и академикыу щыта, КъБР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Хьэкlуащэ Андрей**.
✦1947 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэжэр Борис**.
✦1976 гъэм къалъхуащ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Бемырзэ Зураб**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус11 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI ИЗЭЩ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.

Ислъамым и нур

Плlанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Рэбби Нур

● Фи лъэlукlэ

Зэчыр

Рэбби, рэбби, рэбби нур,
Рэбби, рэбби, рэбби нур,
Рэбби нуру я Аллахь,
Ла илахьэ илла Ллахь.
Тхьэм и нэфlыр зыщыхуэнхэ,
Тхьэм и фlыгъуэр зыхуищlэнхэ,
«Амин», - жыфlэт муслъымэнхэ,
Уэ амину я Аллахь!
Мащэ кlыфlыр нур щыхъуну,
Хьэзаб гуащlэр щхьэщыкlыну,
И Ахърэтыр дахэ хъуну
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Тхьэм гущlэгъу ин къыхуищlыну.
Жэнэт лъагъуэм теувэну,
Жэнэтыбжэр хуlуахыну
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Жэнэт кlуэцlым ныщlыхьэну,
Жэнэт шхын кърагъэшхыну,
Жэнэт пщlащэр къытехуэну,
«Амин», -жыфlэт, я Аллахь!
Бисмиллахьыр и lункlыбзэу,
Субхьанэкэр и пlэщхьагъыу,
Ясин губгъуэм щыжеину
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Угъуэлъамэ, ижьырабгъуу,
Зыбгъэзам, сэмэгурабгъуу,
Мелыlычхэр уи хъумакlуэу,
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Хьэзаб гуащlэр щхьэщыкlыну,
Фирдаусми щlашэну,
Шэфихьэти къыхуэхъуну,
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь.
Лэгъупыкъур и лэгъунэу,
И къуапиплlыр нуру блэну,
И дэфтэрыр lэ ижьыну
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Дуней нэпцlри иухри,
Дуней пэжым нэкlуэжащ,
Жэуап пэжыр къыжьэдэлъхьи,
Сэлам гуапэр Уэ къехыж.
Рэбби, рэбби, рэбби нур,
Рэбби, рэбби, рэбби нур,

Рэбби нуру я Аллахь,
Ла илахьэ илла Ллахь.
Мелыlычхэр къыпегъажьэ,
Бегъымбархэр хуэгъэлъаlуэ,
Ди тхьэлъэlур къабыл щlыи,
Гуэзвэгъуэр Уэ щхьэщых.
Мащэ кlыфlыр хуэгъэнэху,
Мащэ зэвыр хуэгъэхуит,
Сэро гуащlэр хуэгъэщаби,
Жэуап дахэр ирегъэт.
Жэнэтыбжэр хуlуегъэх,
Хъурмэ лъапlэр къыщегъэшх,
Жэнэтыпскlэ андез ищтэу,
Нэмэз лъапlэр къыщегъэщl.
Мелыlычым и дэфтэрыр
И lэ ижькlэ кърегъэт,
Еджэ пэтми зимыгъэнщlу,
Фlыгъуэ итуи къыщlэгъэкl.
Къемэт Махуэу гуэзвэгъуэм
Уэ уи пащхьэм щыгъэгуфlэ,
Мухьэмэду бегъымбарыр
И lумэткlэ Уэ къегъаджэ.
Нэщl-нэмэзу ищlыфахэр
Уэ бжыгъэншэу хуэгъэбагъуэ,
Сэдэкъэуэ хуащlыжари
Жэнэт унэм къыщегъэшх.
Уэ уи нэфlыр къыщыгъахуэ,
Уэ Уи нурыр къытегъапсэ,
Мухьэмэду бегъымбарыр
Шэфихьэти Уэ къыхуэщl.
Мелыlычэр Уэ къегъаджи,
Уэ Уи пащхьэм нрегъашэ,
И гуэныхьыр къыхуэгъэгъуи,
Жэнэт унэм егъэшэж.
Дыноlъэlури, я Аллахь!
Дыпщогугъри, я Аллахь!
Дыщlоlъэlухэр къытхуэпщlэну
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!
Къемэт Махуэу махуэ гугъум
Псэуэ щыlэр щызэхыхьэм,
Хьэзабыншэу уахыхьэну
«Амин», - жыфlэт, я Аллахь!

Уэлид и къуэ Хъалид къиlуэтэжа хьэдисхэр

Зэхуэзыхьэсари зытхыжари Хьэнбэл и къуэ Iэхьмэдщ

Мухьэмэд Лlыкlуэ лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам деж хьэрып гуэр къакlуэри къыжриlащ: «Уа Алыхьым и Лlыкlуэ! Мы дунейм фlы сыщыхуэзэн папщlэ сщlэн хуейхэмкlэ сыноупщlыну сыкъэкlуащ». «Щlэупщlэ, бжесlэнщ», - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Хэт нэхъри нэхъ lущу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ хьэрыпым.

- Алыхьым щышыни, хэт нэхъри нэхъ lущ ухъунщ, - къритащ жэуапу.

- Хэт нэхъри нэхъ бейуэ сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Алыхьым къыуитамкlэ арэзы ухъумэ, хэт нэхъри унэхъ бейщ.

- Захуагъкlэ псоми сатекlуэу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Уэ узыхуейр нэгъуэщl цlыхуми къехъулlэным щlэхъуэпс, - къыжриlэжащ.

Хэт нэхъри нэхъ цlыхуфlу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ хьэрыпым.

- Цlыхухэм яхуэщхьэпэн lуэху блэжьмэ, хэт нэхъри нэхъ цlыхуфlу ущытынщ, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Алыхьым и нэфl зыщыхуа цlыху сыхъуну сыхуейщ, - жиlащ.

- Нэхъыбэрэ Алыхьыр уигу игъэлъи, и нэфl къыпщыхуэнщ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Си фlэщхъуныгъэр нэгъэсауэ щытыну сыхуейщ, - жиlащ хьэрыпым.

- Уи щэныр егъэфlакlуи, уи фlэщхъуныгъэр здынэсыпхъэм нэсынщ, - къыжриlащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Фlы къызбгъэдэкlыу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Алыхьыр умылъагъуми, плъагъум хуэдэу хущыт, Езым, шэч хэмылъу, укъелъагъу, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Алыхьым хуэжьыlэщlэу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ хьэрыпым.

- И унафэхэр гъэзащlи, Алыхьым жьыэщlэ ухуэхъунщ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Алыхьым си гуэныхьхэр къысхуигъэгуну сыхуейщ, - жиlащ.

- И чэзум нэгъэсауэ зыгъэкъабзи, уи гуэныхьхэр пхуигъэгъунщ, - къыжриlэжащ.

- Къемэт Махуэм нурым сыхэту сыкъэтэджыжыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Зыми уемыгуауи, нурым ухэту укъэтэджыжынущ, - къыжриlэжащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Къемэт Махуэм Алыхьым гущlэгъу къысхуищlыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Уи щхьэми Алыхьым и пщылlхэми гущlэгъу яхуэщl, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Си гуэныхьхэр нэхъ мащlэ хъуну сыхуейщ, - жиlащ.

- Пlэщlэщlар къыпхуигъэгъуну нэхъыбэрэ елъэlуи, уи гуэныхьхэми хэщlынщ, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Цlыху щыпкъэу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Уи щхьэ lуэхукlэ цlыхухэм уахуэмытхьэусыхэ, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Хэт нэхъри нэхъ къарууфlэу сыщытыну сыхуейщ, - жиlащ.

- Алыхьым щыгугъи, хэт нэхъри нэхъ къарууфlэу ущытынщ, - къыжриlащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Алыхьым си ерыскъыр игъэбгъуэну сыхуейщ, - жиlащ.

- Сыт щыгъуи андез Iыгъ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Алыхьымрэ Абы и Лlыкlуэмрэ фlыуэ сыкъалъагъуну сыхуейщ, - жиlащ.

- Алыхьымрэ Абы и лlыкlуэмрэ яфlэфlыр уэри пфlэфlу щыт, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Къемэт Махуэм Алыхьыр къызэрысхуэмыгубжьынум и щыхьэт сыхуейщ, - жиlащ.

- Алыхьым кърегъэщlахэм уахуэмыгубжьмэ, Къемэт Махуэм Алыхьыр къызэрыпхуэмыгубжьынум ар и щыхьэтщ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Алыхьым сызэрелъэlур къысхуищlэну сыхуейщ, - жиlащ.

- Хьэрэмым зыщыхъуми, Алыхьым узэрелъэlур къыпхуищlэнщ, - къыжриlащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Къемэт Махуэм Алыхьым си дагъуэхэр схущlихъумэну сыхуейщ, - жиlащ.

- Уи къуэшхэм (адрей муслъымэнхэм) я дагъуэхэр яхущlэхъумэ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Щыуагъэрэ гуэныхьрэ пlэщlэмыщlэу узыщlыр сыт? - къеупщlащ.

- Нэпсым, узытетыпхъэм утетыным, узыфэм, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Алыхьым и пащхьэм хэт и фlыр щынэхъ лъагэ? - жиlэри къеупщlащ.

- Щэныфlэм, арэзы щlыгъуафlэм, бэшэчым, - къыжриlэжащ щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

- Хэт и lейр щынэхъ икlэ Алыхьым и пащхьэм? - жиlэри къеупщlащ.

- Мысэмрэ нэпсеймрэ, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Мы дунейми Ахърэтми сыт Алыхьым и губжьыр щызыгъэункlыфlыр? - къеупщlащ хьэрыпыр.

- Щэхуу пты мылъкумрэ зэщыlеяхэр зэбгъэкlужынымрэ, - къыжриlащ Лlыкlуэ лъапlэм.

- Къемэт Махуэм сыт жыхьэнмэ мафlэр зыгъэункlыфlыр? – жиlэри къеупщlащ.

- Гуауэмрэ бэлыхьымрэ хуэбэшэчыным, - къыжриlэжащ Лlыкlуэ лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам.

Мы хьэдисхэм хуэдэу псори къызэщlэзыубыдэ, динри езыгъэфlакlуэ хьэдис щхьэпэ срихьэлlакъым, - жиlащ Iимам Мустэгъфирий.

● Шу зекlуэ

Пщэдджыжь дыгъэмыхъуэм

Мыпхуэдэ lуэхухэм, сарихьэлlэныр щызогъэтри, сахэтыныр сэркlи гъэщlэгъуэнщ, сыдэзыхьэхщ, лlыгъэ зэхэгъэкlыпlэрэ бэшэчагъэ гъэунэхупlэу зэрыщытым къыхэкlыу. «Зи гугъу пщlыр сыту пlэрэ?» - жыфlэрэ фыкъызэупщlмэ, къэтlуэтэнщ lуэхум щlэдзапlэ хуэхъуамрэ зэрыпищамрэ.

ЙОУЭРИ, си анэш щlалэ Бэрау Заурбий пщыхьэщхьэхуегъэзэкlыу телефонкlэ къытоуэр, «пщэдей пщэдджыжьым мыпхуэдэ lуэху зэрызэхаублэм ущыгъуазэ уэ?» - жеlэри. Зи гугъу ищlыр шу зекlуэу къыкlэлъыкlуэ махуэм Налшык кlалэ и Дубки хьэблэм и къуапэ дыдэу мэзым пэгъунэгъум деж щрагъэжьэну зытраухуарт. «Ар дэнэ сэ щысщlэн, Заурбий?» - пызодзыж сэри, сызэрыхуэмыхьэзырым сригуауэщхьэуэжауэ.

Согупсысри, я гъусэу сыкlуэн щхьэкlэ сызыхуэныкъуэр нэхъыбэщ. Нэхъыщхьэ дыдэращи, шы сиlэкъым. Етlуанэрауэ, а псэущхьэ къызэрымыкlуэм ящыщ къысхуагъуэтыпэу сощlри, куэдрэ сызтригъэзэгъэн шы мыцlыхум. Етlуанэрауэ, мы махуэхэм дыгъэм зигъэпщкlужауэ щlыlэбжьщ, сэри пыхусыхур зэрызыхэзгъэкlыжрэ куэд щlакъыми, мэз кlуэцl уэтlпсытlымрэ lуащхьэ щыгу жьы зэпекъумрэ сэзэгъыныр шэч къызытесхьэщ. Ещанэрауэ, щыгъынкlи сыхуэмыщlауи къысщохъу, хъунщlэпсынщlэету хъыбар зэрызагъэщlам къыхэкlыу…

Дыбгъэдыхьащ зиш телъэщlыхь щlалэм. Ар а щlыпlэм щызэхуэсхэм я нэхъыжь хуэдэуи къыджалат.

- Сэ Хьэжыхэ сащыщщ, си цlэр Артурщ. къуажэкlэ Бабыгуейщ (Сэрмакъ). Налшык и Iэдииху хьэблэм сыдэсщ. Дызэрыцlыкlурэ шыр тфlэфlщ, унагъуэкlэ диlащ. Тlэкlу дызэхэзекlуэнщ, адыгэшыр дгъэкlуэдынкъым, дэ, езыхэми, адыгэ щlалэхэр гъуэгу тезгъэхьэну аращ.

- Дапщэкlэ укъэсагъэн?

- Сыхьэтрэ ныкъуэкlэ утетщ, моуэ лъэбакъуэ псынщlэкlэ укъакlуэмэ.

- Гъуэгур тэмэм?

- Iейкъым, жыг къэуа телъкъым, мэзхъумэхэм ягъэкъабзэ. Ауэ, ятlэщ.

- Мы Iуэхур сытым къыхэфха?

- Гуп щыlэщи, шы зыдохуэ. Шы зезыхуэхэр абдежым дыщызэрощlэр. Аращи, зэм зы къуажэ доблагъэ, мыдрейм дежи нэгъуэщl жылэ дыкъыщыщlедз.

Шухэм я текlыгъуэр къэсагъэххэти, къытлъэмыlэсахэр гъуэгум къыщыткlэлъысыжынщ, жаlэри, шуупэ гъуазэм гупыр иригъэжьащ…

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Адыгэхэм я дин зехьэкlэм и нэщэнэхэр



Истамбыл дэт, Кавказым теухуа тхылъхэр тезыдзэ lуэхущlапlэм дунейм къыщитехьащ адыгэхэм я дин зехьэкlэм теухуауэ ипэкlи тхылъ зыбжанэ къыдэзыгъэкlа Къущхьэ Эрдал и тхылъыщlэ: «Къурlэн лъапlэм и адыгэбзэ зэдзэкlыгъэхэмрэ дин псалъалъэмрэ».

«МЫ тхылъыр Iыхьищу зэхэтщ, - зыхуегъазэ тхылъеджэм ар зи Iэдакъэщlэкlым: 1) Адыгэбзэкlэ зэрадзэкlа Къурlэн тхылъхэр. 2) Адыгэбзэм щызекlуэ дин псалъэхэмрэ псэлъафэхэмрэ. 3) Адыгэ хъуэхъухэр».

Япэ Iыхьэм Къущхьэ Эрдал щроплъэж КъурIэн лъапlэр адыгэбзэм кърагъэзэгъэн lуэхугъуэр хэгъэгу щхьэхуэхэм зэрыщекlуэкlам. Тхылъым гуэдзэн хуэхъуа сурэтхэр дэ щыдолъагъу Мейкъуапэ 1992 гъэм къыщыдэкlа, Куэщбей Пщымахуэрэ Мэшбащlэ Исхьэкърэ ягъэхьэзыра зэдзэкlыгъэри, 2001 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкlауэ щыта, Хъуажь Мухьэмэд-Хъер, Нало Заур, Болий Мустэфар сымэ я «КъурIэнри», Елгъэр Кашиф 2006 гъэм, Къалмыкъ Аднан 2020 гъэм къыдагъэкlахэри.

Тхылъыр зэрытхар тыркубзэщ, ауэ тхакlуэм дин фlэщыгъэхэри хъуэхъухэри адыгэбзэкlэ етхри, я мыхьэнэр тыркубзэкlэ зэредзэкlыж. Абы и фlыгъэкlэ куэдрэ дызримыхьэлlэ адыгэ хъуэхъухэм дащыхуозэ мы тхылъым: унэщlэ щlэтIысхьэжам, Iэнэм пэрытIысхьам, нысэ къэзышам къахуэщхьэпэну тхьэлъэlухэм, хьэгъуэлIыгъуэ хъуэхъухэм, мазэщlэм, гъатхэпэм яхуэгъэзахэм, дунейм ехыжам е къытехьагъащlэм ятеухуам.

«Мыр Узуняйла нэхъыжьхэм я деж щызэхэсха духьэщ, - щетх Къущхьэ Эрдал ещанэ Iыхьэм, «Iэнэм щыпэрытIысхьэм деж ящI духьэ» псалъащхьэм щlэту. - Шхэн ямыублэ щlыкlэ духьэ щlыныр Ибрэхьим Бегъымбарым и суннэу щытауэ жаlэж. Шхэн яуха нэужьи хьэрыпыбзэкlэ ди Бегъымбар Лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам зэрищlам хуэдэу, Iэнэ духьэр къабж хабзэщ: «Бисмиллахьи Ррэхьмани Ррэхьим. Я Алыхь! Дызыгъашхэми дызыдэшхэми хъер зыхэлъыр къахуэщlэ. Я мурадыфlхэр къегъэхъулlэ. Мы Iэнэр къэзыIэта унагъуэри зыхуэныкъуэ щымыIэу гъэпсэу. Я унагъуэм хъер-берычэтыр иумых. Тхьэм муслъымэну щыIэм хъер зыхэлъыр къытхуищlэ. Ди лlахэм гущlэгъу къахуищl. Алыхьышхуэм зауэм, гуауэм, узыфэ lейхэм цlыху псори дыщихъумэ, мамыру дызэдигъэпсэу. Дэ хъуэхъуэкlэ тщlэркъым, ди нэхъыжьыфlхэм жаlа хъуэхъухэр Тхьэм къабыл ищl. Тхьэр фlыкlэ зэхъуэхъуну муслъымэнхэм ящыщ дищl. Илэ-тlэ, фежьэ, бисмиллахь».

Шхэн яухауэ, Iэнэхэр щаlэтыжкlэ, мыпхуэдэу духьэ ящI: «Фи Iэнэхэр убагъуэ, фи егъуэхэр укlуэд. Тхьэм жэнэт шхыну къывитыж. Тхьэм фи унагъуэм хъер-берычэтыр иримыкlэ».

Гъубж псапэ

«Ислъамым и нурым» и щэкlуэгъуэ къыдэкlыгъуэм («Адыгэ псалъэ», жэпуэгъуэм и 31-м) дыщытепсэлъыхьауэ щытащ Iимам Гъэзалий «Дин щlэныгъэхэм псэ къахэгъэхьэжын» тхылъым тхьэмахуэм и махуэ къэс хухэха псапэ нэмэзхэм ятеуха хьэдисхэр къызэрыщихьым. Нобэ абы къыпыдощэ гъубжым и псапэ нэмэзымкlэ.

РЭКЪЭШИЙ и къуэ Езид Малик и къуэм щэхьабэ махуэ Iэнэс къыжриlэжауэ, къеlуэтэж: «Мухьэмэд Лlыкlуэ лъапlэм жиlащ: «Гъубж махуэм и япэ Iыхьэм и кум хуэзэу, зыгуэрым псапэу нэмэз тIысыгъуипщI ищIмэ, дэтхэнэ зы тIысыгъуэми «Фатихьэ» сурэр - зэ, «Iэятул Курсийр» - зэ, «Къулъхуолэр» - щэ трилъхьэурэ, апхуэдэ цlыхум кыкlэлъыкlуэ махуэ 70-м и гуэныхьхэр хуатхынукъым. А махуэхэм я зым езыр дунейм ехыжмэ, шэхьид лlэкlэу лlэнурэ илъэс блыщlым и гуэныхьхэр къыхуэгъунущ».

ФадэIэпыкъуну фыхуеймэ

КъБР-м и Муслъымэнхэм я Iуэхущlапlэм хъыбар къыдегъащlэ Палестинэм щыщу щтапlэм ихьэжа цlыхухэм епхауэ ирагъэкlуэкl псапащlэ лэжьыгъэхэм. Ахэр «Маяк», «Курорт Нальчик» зыгъэпсэхупlэхэм щагъэтIысхьауэ щопсэу. Сабийхэми балигъхэми зыхуэныкъуэ псори яlэрыхьакlэщ. Цlыхухэм кърахьэлlащ щlымахуэ щыгъынхэри, унагъуэр махуэ къэс зыхуэныкъуэ хабзэ хьэпшыпхэри. Къинэмыщlауэ, псапэхуэщlэу къыхэкlа мылъкумкlэ цlыху къэс зыхуэныкъуэ псори къыхуащэхуащ. ««Баракат» фондым и офисым зэкlэ хьэпшып къэвмыхьми хъунущ

Щlышылэм и нэмэз щlыгъуэхэр

● Фи лъэlукlэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщlэкlыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	06.08	07.38	12.20	14.31	16.42	18.22
2, гъубж	06.08	07.38	12.20	14.32	16.44	18.24
3, бэрэжьей	06.08	07.38	12.20	14.32	16.45	18.25
4, махуэку	06.08	07.38	12.21	14.33	16.46	18.26
5, мэрем	06.08	07.38	12.21	14.34	16.47	18.27
6, щэбэт	06.08	07.38	12.22	14.35	16.48	18.28
7, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.22	14.36	16.49	18.29
8, блыщхьэ	06.08	07.38	12.23	14.37	16.50	18.30
9, гъубж	06.07	07.37	12.23	14.38	16.51	18.31
10, бэрэжьей	06.07	07.37	12.24	14.39	16.52	18.32
11, махуэку	06.07	07.37	12.24	14.40	16.53	18.33
12, мэрем	06.06	07.36	12.24	14.41	16.54	18.34
13, щэбэт	06.06	07.36	12.25	14.42	16.56	18.36
14, тхьэмахуэ	06.06	07.36	12.25	14.43	16.57	18.37
15, блыщхьэ	06.05	07.35	12.25	14.44	16.58	18.38
16, гъубж	06.05	07.35	12.26	14.45	16.59	18.39
17, бэрэжьей	06.04	07.34	12.26	14.46	17.00	18.40
18, махуэку	06.03	07.33	12.26	14.47	17.02	18.42
19, мэрем	06.03	07.33	12.26	14.48	17.02	18.42
20, щэбэт	06.02	07.32	12.27	14.49	17.04	18.44
21, тхьэмахуэ	06.01	07.31	12.27	14.50	17.06	18.46
22, блыщхьэ	06.01	07.31	12.28	14.52	17.07	18.47
23, гъубж	06.00	07.30	12.28	14.53	17.08	18.48
24, бэрэжьей	05.59	07.29	12.28	14.54	17.09	18.49
25, махуэку	05.58	07.28	12.28	14.55	17.11	18.51
26, мэрем	05.57	07.27	12.29	14.56	17.12	18.52
27, щэбэт	05.57	07.27	12.29	14.57	17.13	18.53
28, тхьэмахуэ	05.56	07.26	12.29	14.58	17.15	18.55
29, блыщхьэ	05.55	07.25	12.29	14.59	17.16	18.56
30, гъубж	05.54	07.24	12.29	15.01	17.17	18.57
31, бэрэжьей	05.53	07.23	12.29	15.02	17.19	18.59

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущlапlэм къыдитащ.

ГукIи псэкIи адыгэ!

ГукIи, псэкIи, гугъэкIи, хъуэпсапIэкIи адыгэ Iуэхум хэтрэ, лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэр зыхэзыщIэ режиссёрщ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЕмкIуж Андзор. Ар доцIыху «Кавказфильм» киностудием и лэжьыгъэхэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми ди гъунэгъу республикэхэми я театрхэм щигъэув спектаклхэмкIэ, трих адыгэ кинохэмкIэ, зэфIигъэкI лъэпкъ IуэхухэмкIэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Москва щекIуэкIащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ щIалэгъуалэу къалащхьэм щыIэхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «КъэкIуэнум - лъэбакъуэ» Iуэху дахэр. Гъуазджэ Iыхьэм адыгэ кином щытепсэлъыхьыну абы ирагъэблэгъахэм ЕмкIуж Андзори яхэтащ. Адыгэ щIэблэр щызэхуашэса зэIущIэм ар щытепсэлъыхьащ кином и Iэмалхэм, абы пыщIа гугъуехьхэм, езыр нэхъ дэзыхьэхыу зэлэжьхэм, апхуэдэуи театрым и мыхьэнэм.

И IэщIагъэм хэлъ Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ лъэпкъ гупсысэр ехъумэ ЕмкIужым. Адыгэ фильмым щытепсэлъыхькIэ къыхегъэщ абы елэжь дэтхэнэри адыгэу щытын зэрыхуейр.

- Адыгэм и хьэл-щэныр зымыщIэм дэттеухуауэ кино тресбгъэхмэ, ар ещхь хъуркъым. Къэтщтэнщ гухэлъ къызыхэщ теплъэгъуэ щапхъэу. Урысым и гурыщIэ къэIуэтэкIэр куэду къыщхьэщыкIынущ дэ ар зэрыдгъэлъагъуэм. Ахэр нэIурыту гурыщIэм тепсэлъыхьмэ, адыгэ кином и лIыхъужьхэм я «зэпсэлъэкIэм» езы тIум я зыхэщIэм щэху хэлъщ. Псалъэм папщIэ, ар къыхэщынкIэ хъунущ я плъэкIэм - я напIэр зэраIэтым, зэрырахьэхыжым куэд къеIуатэ. Мис апхуэдэ гупсысэхэр щIэлъу тумыхмэ, адыгэ кино пхуэгъэпсынукъым. Адыгэ зэхущытыкIэр фильмым нэсу къыщыхуэгъэлъэгъуэнукъым нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIам. Лъым хэтын хуейщ, жыхуэсIэщ, - къыхегъэщ Андзор.

Адыгэ Iуэхум теухуауэ «Кавказфильм»-м и лэжьыгъэхэр куэд мэхъу. Ар къызэрыунэхурэ къехъулIахэр цIыхур зыгъасэщ, гуапагъэм къыхуезыджэщ, лъэпкъым зыкъезыгъэцIыхужщ, зэзыгъэплъэкIыжщ икIи япэкIи зыгъэкIуатэщ. Ар дэ тлъагъуращ. Езы режиссёрыр нэхъ жыжьэ маплъэ:

- «Кавказфильм» киностудием и гугъу пщIымэ, ар жылапхъэ хуэдизщ иджыри зэрыхъур - къыщIэдзапIэщ. ЗекIуэну зи лъэ теувэ сабийм хуэдэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ. Дауи, ди лъэр быдэу дгъэувыным зэман ихьынущ. Мис а зэманым епхауэ зы гупсысэ хэплъэгъуэ къоунэху: бзэм и Iуэхур. Дэ адыгэ кинор лъэкIэ дгъэувыху, абы едгъэплъыну дызыхуейхэм я бзэр ящIэжыну пIэрэ, дакъыгурыIуэжыну пIэрэ?! Сыту жыпIэмэ, дэ ди бзэращ ди купщIэр, ди шыфэлIыфэр, ди дуней тетыкIэр. «Уадыгэн щхьэкIэ, Iэмал имыIэу щыткъым адыгэбзэр умыщIэнкIэ», - жызыIэхэм захуэзгъэзэнут: «Iэмал имыIэу пщIэн хуейщ уи бзэр!». ПцIыщ уадыгэу адыгэбзэ пщIэным ухуэмыпабгъэныр.

ЦIыхур - щIыуэпсыр - гупсысэр зэпхащ. Ари Андзор и деж щыболъагъу. ЩIыуэпсым и къарур зыхещIэ, абы и телъыджагъыр елъагъу, а телъыджэм хэзэрыхьа нэужьи зыкIи пхуэмыгъэутхъуэн гупсысэ къабзэхэр иIэу, езым гурыфIыгъуэ къызыхих, лъэпкъым къыхуэсэбэпын Iуэхухэм тогушхуэ. ГъэщIэгъуэнщ, лъэпкъ гупсысэр а щIыуэпс дыдэм къызэрырипх Iэмалри.

- ЩIы хъурейм жыг лIэужьыгъуэ куэд ущрихьэлIэнущ. Иджы девгъэгупсысыт, лъэпкъ къэс зы жыг лIэужьыгъуэ хуэдэу. Адыгэм ди жыгыр си нэгум къыщыщIэзгъэхьэкIэ, мыпхуэдэ теплъэ изот: и лъэхъцхэм куэдыщэ хэгъукIарэ, псэууэ къэна зыбжанэм зэрафIэщкIэ щIым зыхаукIауэ. Жыгыр нэхъри хэхъуэху, ар зыIыгъ лъэхъц мащIэм нэхъри къатехьэлъэу. Псы хуэлIэурэ гъуж жыгымкIэ сыт къэзгъэлъагъуэр жыпIэмэ, - бзэр, хабзэр, щэнхабзэр.

Дэ мы зэманым мыпхуэдэ щытыкIэ дитщ: ди тхыдэм дропагэ, ди адэжьхэм я лIыгъэм дытепсэлъыхьыжурэ абы дыкъыкъуогушхукI, ди блэкIам лъапIэныгъэу хэлъар къыдгуроIуэ. Ауэ, дэ езыхэр, нобэ щыIэхэр-щэ?! Дыхэт, сыт тхуэзэфIэкIыр? Пэжым ухуеймэ, дэ иджыри диIэщ Iэмал ди лъэпкъ жыгым псэ хэтлъхьэжыну, къару еттыжыну. АбыкIэ жэуап дохь, - жеIэ режиссёрым.

Хэку. ГурыIуэгъуэщ ди лIыхъужьыр абы быдэу зэрыпыщIар, зэрыщыщыр:

- Адыгэм и тхыдэ гуузым, илъэсищэ зауэм и гугъу пщIымэ, лъэпкъым Хэку иIэнымкIэ лIыгъэшхуэ къалъыкъуэкIащ лъахэм къинахэм, пэлъэщащ къалэн гугъум - лъэпкъым къыхэкIа, дэнэ щIыпIи щыIэ адыгэ цIыхум и екIуэлIэжыпIэр яхъумэным. Илъэсищэ зауэм и Iэужьыр ди дунейм къыхэнащ игъащIэкIэ. Абы махуэ къэс дытемыпсэлъыхьми, ди гупсысэм хэтщ. Адыгэ цIыхум ар и гум къыпхуитхъыжынкъым, - жеIэ.

Адыгэм и гъащIэм щыщ Iыхьэ къыхэщу щыIэщ фильмхэр. Абыхэм куэдрэ къыщагъэлъагъуэ насыпыншагъэ гуэрхэр, IэщIыб щIын хуей мыхъумыщIагъэхэр, хьэлщэн зэхуэмыдэхэр - фIыри Iейри - зыхэлъхэр. Пэжщ, лъэпкъыр зыщIэгупсысынрэ игъэзэкIуэжынрэ къыдокIуэкI. А псом езгъапщэу, ЕмкIуж Андзор и лэжьыгъэхэм я гугъу сщIымэ, мыращ си гупсысэр: мыбы игъэлъагъуэр ди фIырщ, ди дахэрщ, щэнхабзэрщ, хабзэ-нэмысырщ. Мыбыи мыхьэнэ иIэщ: Андзор и лэжьыгъэхэм нэхъыжьи нэхъыщIи тыншу еплъыфынущ, уи нэр щIэбгъэпщкIун е сабийм имылъагъупхъэ зы теплъэгъуи хэткъым - къабзэщ. ГъэщIэгъуэн тщыхъуащ «Невиновен» фильмым теухуауэ къыджиIэжа зы хъыбар:

- Иджыблагъэ Орлов областым щыщ журналист бзылъхугъэ интернеткIэ къэпсэлъащ «Невиновен» фильмым и IуэхукIэ. «Фильмым деплъри дигъэпIейтеящ, абы хэлъ гупсысэр ди щIалэгъуалэм зыхащIэн хуейуэ къыдолъытэри, хуит дыкъэпщIмэ, щIыналъэм щеджэ студентхэр едгъэплъынущ, - жиIащ бзылъхугъэм, икIи и унагъуэм ар къазэрыщыхъуар къыпищащ. - Зы пщыхьэщхьэ быным сахэсу деплъащ абы. И кIэм щынэблагъэм, илъэситху зи ныбжь си нэхъыщIэм жиIащ: «Сыту лъэпкъ дахэ мыхъэр!».

Мис а сабийм фильмым хуигъэува нагъыщэм нэхъ лъапIэ сыхуейкъым сэ. Арагъэххэт си мураду тесхар - лъэпкъым ди дахагъэр згъэлъагъуэну арати, сабий псэ къабзэм а псалъэхэр къыщыжьэдэкIакIэ, къызэхъулIащ.

ЕмкIужым и «Невиновен» фильмым и етIуанэ Iыхьэр («Невиновен 2») трихащ, мы зэманым ар зэхагъэувэ. Абы пэплъэхэр куэд дохъу!

Режиссёрым и лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым, иджыпстуи зэлэжьын и куэдщ. Республикэм и макъамэ театрым ирагъэблэгъауэ мюзикл щегъэув. Пьесэр ПащIэ Маринэ итхащ, макъамэ щIэту. Нотэм ар иригъэзэгъащ Бэрбэч Беслъэн.

ДяпэкIэ и мурадхэм ящыщщ гупсысэ куу зыщIэлъ, цIыхугъэм и щапхъэ гъуэзэджэу тхыдэм къыхэщыж зы Iуэхугъуэ и лъабжьэу кино трихыну. Ар Ленинград блокадэм къыдаша сабийхэр Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Беслъэней адыгэ къуажэм дэс адыгэхэм къызэрырагъэламрэ зэрапIамрэщ. Андзор а Iуэхум теухуа тхылъ, дэфтэр куэд щIиджыкIащ, журт сабийхэр зы жэщым бын ящIу, зи унэцIэр езытауэ псэужхэм яхуэзащ, а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIхэм епсэлъащ. Иджы а псори и лъабжьэу, документальнэ фильмым нэхъ хуэкIуэу сценарий ягъэхьэзыр. Мы зи гугъу тщIыри режиссёрым лъэпкъ гъуазджэм, тхыдэм, щэнхабзэм хуищI хэлъхьэныгъэхэм ящыщ зы лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыхъунум шэч къытетхьэркъым. Хуабжьу сэбэп хъунут апхуэдэ лъабжьэ куу зиIэ фильмыр техынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну жэрдэм зиIэхэр къыкъуэкIамэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Гукъыдэж къозыт теплъэгъуэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэIуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хэт галереем щагъэлъагъуэ «Движение формы» выставкэр. Къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтым и лэжьакIуэхэм Москва щыщ дизайнер Дурневэ Дарье и гъусэу къызэрагъэпэщащ ар.

КАВКАЗ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм щыщ, ятIэ гъэжьам елэжь художник 11-м я лэжьыгъэхэр ягъэлъагъуэ. Абыхэм ящыщ зыбжанэр Москва щопсэу икIи щолажьэ. Газаевэ Разият Налшык щыщщ.

- СурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр Налшык щагъэлъэгъуэну къыщедгъэблагъэм, ахэр занщIэу абы арэзы техъуащ, - жеIэ Дарье. - Кавказым зи сурэтхэр къезыгъэша художникхэр езыхэри мы щIыналъэм щыIэну щIэхъуэпсырти, я лэжьыгъэхэмкIэ ди щIыналъэм щыIа пэлъытэу къалъытэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыхэгъэщыпхъэщ мафIэкIэ ягъэжьа вазэхэр. МафIэ пщтыркIэ махуищым нэблагъэкIэ ахэр щIытI хьэкум щагъажьэ. А пасэрей Iэмалым и фIыгъэкIэ художникхэм хьэпшыпхэм зыхуей плъыфэр кърагъэщтэ. Ахэр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ гъуазджэм гъунэ зэримыIэм.

Псы къиуам, гъатхэ губгъуэм я теплъэ - дэтхэнэри гъэщIэгъуэнщ, дунейм и къэхъукъащIэхэр уи нэгу щIэзыгъэкIщ. А сурэтхэм еплъхэм гукъыдэж къызэрыхахым шэч хэлъкъым.

Гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэр дыгъэгъазэм и кIэ пщIондэ лэжьэнущи, абы еплъынухэм иджыри зэман яIэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъы литр 25-рэ ятащ

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэщащ «Лъы ты - гъащIэ къегъэл!» псапэ Iуэху.

ЛЪЫ щыхаш станцым пщэдджыжьым жыыуэ екIуэлIащ абы хэтыну гупыж зыщIа, щIыналъэ МЧС-м и IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр. Къыхэдгъэщынщи, мыбыхэм ящыщ куэдым я дежкIэ ар апхуэдэ япэ Iуэхутэкъым, уеблэмэ «ЩIыхь зиIэ донор» хъуахэри мащIэтэкъым, ауэ яхэтащ иджы къахыхьахэри.

Лъы хашын ипэкIэ, абыхэм я узыншагъэр къапщытащ.

- Лъымрэ донор плазмэр и лъабжьэу къызэрагъэпэщ препаратхэмрэ хуэныкъуэщ зи гъащIэр щытыкIэ шынагъуэм къихута цIыхухэр. Иужь зэманым къахэхъуащ апхуэдэхэм. Дэ тщыщу лъы зыта дэтхэнэми Iэмал иIэщ псэзэпылъхьэпIэ хэхуахэм абы къикIынымкIэ ядэIэпыкъуну, - къыхигъэщащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надежин Михаил.

ИпэжыпIэкIэ, Урысей МЧС-м и IэщIагъэлIхэр яфIэфIу илъэс куэд хъуауэ хэтщ медицинэ IуэхущIапIэхэм лъы гъэтIылъыгъэ яIэным пыщIа Iуэхум.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Бер Къантемыр къызэрыжиIащи, Урысей МЧС-р илъэс 33-рэ щрикъум, дыгъэгъазэм и 27-м, хуэщIауэ къызэрагъэпэща, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху щхьэпэм хэтащ цIыху 50 - абыхэм ятащ лъы литр 25-м щIигъу.

Iэмал имыIэу лъы тын зэрыхуейм шэч къытезыхьэхэр гудзакъэ, гуапагъэ зыбгъэдэлъ щIыналъэ МЧС-м и лэжьакIуэхэм къыхураджэ донор хъуну, ипэжыпIэкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхагъэщу. ЖаIэ: «ЦIыху гъащIэ къегъэлыныр икъукIэ Iуэхушхуэщ!»

УЭРДОКЪУЭ Женя.

НыбжьыщIэ жыджэрхэм къахохъуэ

Тырныауз къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м и пэщIэдзэ классхэм щеджэхэр хагъэхьащ къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ «Орлята России» гупым.

ЗИ гугъу тщIы урысейпсо проектыр хуэгъэпсащ щIэблэр жылагъуэ Iуэхухэм хуэжыджэру къэгъэхъуным. Абы къызэщIеубыдэ сабий, егъэджакIуэ, адэ-анэ мелуанхэр икIи «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэм хуэзыгъэхьэзырщ.

Мыпхуэдэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI я Хэкум хуэпэжыныр, ар фIыуэ ялъагъуныр школакIуэхэм яхэлъхьэным теухуауэ.

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспекторхэр школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ ди къэралым и дамыгъэхэм, абыхэм я тхыдэм, къарум, къэрал ныпым и плъыфэхэу фIэщхъуныгъэмрэ цIыхугъэмрэ я нэщэнэхэм я мыхьэнэм.

«Навигаторы детства» щIыналъэ центрым и унафэщIымрэ проектыр щIыпIэм щызезыгъакIуэмрэ школым и лэжьакIуэхэмрэ полицэм къулыкъу щызыщIэхэм фIыщIэ хъуащIащ Iуэху щхьэпэр къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Псейхэм яIэжщ я фащэ

Къалащхьэм щагъэув ИлъэсыщIэ псей къэс езыхэм я гъэщIэрэщIэкIэ гъэщIэгъуэн яIэу къокIуэкI. Псалъэм папщIэ, ЗэгурыIуэныгъэмрэ Абхъазымрэ я утхэр зыгъэдахэ псей нэхъыщхьэхэм фIащIа хьэпшыпхэмрэ абыхэм я щыгу дыдэм къыщыщIэдзауэ къеубгъуэха «Iумыл» щыгъэ зэщIэпщIыпщIэхэмрэ хуэщIащ цIыхухэм я гукъыдэжыр къэIэтыным, гъэщIэр къыщыунэху щIымахуэм и теплъэ дахэхэм, дауэдапщэ нэгузыужьхэм.

ЩIЫШЫЛЭМ и 13-р къэсыху абдеж цIыкIури инри щопэкIу, фэеплъ сурэтхэр щызытрагъэх. Псом хуэмыдэу сабийхэм я гукъыдэжыр къэзыIэтыр илъэс къэс, иджы хуэдэ зэманым, абдеж къыщызыкIухь «инджылыз трамвай» цIыкIурщ. Ар къатитIу зэтетщ, илъэси 3 - 5 ныбжь зиIэхэм яхуэщIауэ. ЦIыкIухэр ирагъэтIысхьэри, утыкум и хъуреягъым къыщрашэкI. Апхуэдэщ псейм ихъуреягъкIэ щагъэув жыг IэрыщI хужьыбзэхэр, уэздыгъэ зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIа чэщанэ щIэкIыпIэхэр. Сыхьэтыпэ нэхъ мыхъуми а таурыхъым къыхэхута сабий цIыкIухэм я IутIыжщ, я нэм илъагъумрэ а псом къарит дэрэжэгъуэмрэ я гъащIэкIэ гукъинэ ящыхъуну.

А псейхэм я къалэным къыщхьэщокI щэнхабзэм и утыку хъуа, Къэбэрдей уэрам зэхуэщIам, «Победа» киногъэлъэгъуапIэм и гупэкIэ, щагъэувар. Ар инщ, уардэщ, хьэпшып цIыкIуу фIэлъым я бжыгъэр миным нос. Метри 10 зи лъагагъ псейм и гъэщIэрэщIэкIэр телъыджэ зыщIыр Налшык и курыт школхэм щеджэ цIыкIухэм я IэдакъэщIэкIхэрщ. Абыхэм, уеблэмэ яхэтщ зэрыунагъуэу зэгъусэу ящIахэр. Къэгъуэтыгъуейщ сабийхэм я нэкъыфIэщIымрэ абыхэм ягукIэ къагъэщI къэмыхъуа зырызхэмрэ къаIуатэ гупсысэм пэхъун - дунейпсо ирокъу жыпIэнщ, абыхэм зэгъусэу уащыхэплъэкIэ. ФIыуэ ялъагъу таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэр, псэущхьэ цIыкIухэр, гъащIэр зэралъагъу плъыфэхэр щызэхуэхьэса сурэтхэр, зэфIэкIыу яIэр зыхалъхьа хьэпшып IэрыщIхэр - псори дахащэщ, щIымахуэм и плъыфэу. Къалэ паркым и администрацэм абдежым щригъэкIуэкIынущ цIыкIухэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ипэ ита илъэсхэм, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм икIыху, а уэрамым щекIуэкIыу щытащ музыкэ -литературэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, джэгу зэпеуэхэр, илъэсыщIэ фащэхэм я выставкэхэр. Урысейм иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам къыхэкIыу гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр ягъэмэщIа щхьэкIэ, дэтхэнэ зы сабийри илъэсыщIэм зэрыщыгугъ хъуэпсапIэхэр зыщIыпIи кIуакъым.

Тхыдэ жыжьэмкIэ деплъэкIыжынщи, 1938 - 1939 гъэхэм къалэм и уэрам нэхъыщхьэу щыта а Къэбэрдей уэрам дыдэм щагъэувауэ щытащ лампI зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIа ИлъэсыщIэ псейр. Иджыпсту хуэдэу а зэманми абы щызэхуэсырт цIыху куэд. Нобэ ди нэхъыжь къэнахэр топсэлъыхьыж абдежым щрагъэкIуэкIыу щыта ИлъэсыщIэ пшыхь нэгузыужьхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Iуэхур судым нэсащ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и следственнэ къудамэм и кIэм нигъэсащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 51-рэ зи ныбжь цIыхухъум ехьэлIа уголовнэ Iуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (гъэпцIэныгъэ) илэжьауэ.

Налшык щыIэ УМВД-м 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м зыхуигъэзащ илъэс 37-рэ зи ныбжь къалэдэс цIыхубзым. ЗэрыжиIамкIэ, мы гъэм накъыгъэм и 31-м абы такси кърищащ сабийхэр еджапIэм ишэну. Гъуэгу здытетым, ар телефонкIэ и шыпхъум щепсалъэм, рулым дэсым зэхихат шофёр тхылъ къыIэрыхьэн папщIэ мыгувэу экзамен итын мурад зэриIэри, дэфтэрхэр гъэхьэзырынымкIэ къыдэIэпыкъуфыну къыжриIащ.

ЦIыхубзыр арэзы хъури, 2023 гъэм накъыгъэм и 31-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 20 пщIондэ, абы и счётым ирилъхьащ сом мин 73-рэ. АдэкIэ цIыхухъум телефоныр къытримыхыж, хуигъэхьэми жэуап къримытыж хъуащ.

Налшык къалэм щыIэ УМВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубыдащ шэч зыхуащIыр. Нэхъапэми суд зытращIыхьа налшыкдэсым илэжьамкIэ зиумысыжащ. Абы жиIащ зэрыдэмыIэпыкъуфынур ищIэми, къигъэгугъэу цIыхубзым сом 73000-рэ къызэрыIихар. Ар езым и щхьэ IуэхукIэ къигъэсэбэпащ.

Зэрагъэкъуаншэ уголовнэ Iуэхур судым Iэрагъэхьащ.

Мазих тралъхьэ

Налшык къалэм щыIэ дзэ частым и балансым щыт, къэбгъэсэбэп мыхъужыну Ми-8 вертолётым и конструкцэр, сом мини 155-рэ и уасэр, идыгъури хьэрычэтыщIэм гъущIэхэкIхэр щыIахым иритащ, сом мин 200 къыпэкIуэу.

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и къудамэ №2-м и следователхэм абыкIэ къуаншэу къалъытащ Шэджэм районым щыпсэу, илъэс 48-рэ зи ныбжь цIыхухъур. ЗэраубзыхуамкIэ, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэным пыщIа хьэрычэтыщIэм, 2018 гъэм и мэкъуауэгъуэм зэпкърихри, яхъумэ щIыпIэм кърищащ вертолётым и пкъыгъуэр. Абы къигъэсэбэпащ и дэрэгъум Iуащхьэмахуэ район администрацэм и цIэкIэ хуигъэхьэзыра дзыхь тхылъ нэпцIыр. Тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, вертолётым и конструкцэр щIыпIэ музейм иратырт экспонату. АрщхьэкIэ, хьэрычэтыщIэм ар мылъку хэкIыпIэ ищIащ.

Налшык къалэм щыIэ УМВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм ар яубыдащ 2023 гъэм и накъыгъэм. Абы къыпыщIар къалъыхъуэ. Налшык къалэ судым хьэрычэтыщIэм мази 6 трилъхьащи, ткIийуэ щаIыгъ колонием щигъэкIуэнущ а пIалъэр.

УАРДЭ Жантинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и IV - V зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Гриневич Валерий Владислав и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Гриневич (Кузнецовэ) Тамарэ Василий и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ республикэм и хабзэгъэув IэнатIэ нэхъыщхьэм и Ветеранхэм я советым хэт **Мэремщауэ Раисэ Хьэмырзэ и пхъум** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Мэремщауэ Башир НэIиб и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым -42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.625
Заказыр №2827
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николськэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.